



Gitugutu 2024

Ikirundi

Kora ikintu kiboneka.

Ico aza kubabwira cose, muragikora!

(Yohani 2,5)

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi ba go4peace,

„Oh! Ese ukuntu vyampimbaye kwumva umpamagaye! Ese ukuntu vyampimbaye kubona uca kundamutsa!“jAko kari agakuru gatoyi wozirikana nawe mu mutima, ngo nawe urabe uwo wohamagara canke woja kuramutsa. Ariko burya wabigiriye mu mutima, wafashe nkama iryo jambo. Uca nawe wumva akajwi kakubwira kati: wagize neza!

Bene ivyo, ni vyo na Mariya Nyina wa Yezu yacyemwo. Igihe yari yatumiwebe n’Umwana wiwe mu bugeni bw’i Kana mu Bugalile, umuvinyu warakamye. Kabaye akajembegete ku bageni. Mariya yari azi ko umwana wiwe hari ico yobashoborera. Niho rero yabwiye abasuku ati: „ico aza kubabwira muragikora“ (Yohani2,5). Aho rero Yezu abwiriye abagenzi biwe ati buzuze amazi izo ntango, baciye babigira. Niho rero ayo mazi nyene yahindutse umuvinyu – kabaye akanyamuneza kuri bose.

Kenshi ubuzima busa n’ubudodora buhoro buhoro iwacu. Haraho haza icyumviro, umuzirikano, canke ijambo rikatumye mu mutima. Ni twihatire kwakira ako kajambo k’ubuzima, duheze twive inyuma dutere intamwe tugana abo bose kadutumiriye.

Ku musu mukuru wa Liboriyo Mweranda, niho twari turi twe na Timo House, asanzwe ari mu banywanyi ba go4peace. Twarahaye abarengana benshi agatabo karimwo ivyo twanditse. Niho nihweza umwigeme umwe muri bo. Yari yicaye ku ngazi ariko arya amafiriti. Niho rero nagenda ndamwenyura ndamugana, ndamubwira nti: „Igihe ndiko ndarya amafiriti hama hanzamwo ivyiyumviro vyiza vy’amahoro. None rero akira kano gatabo. Ushatse urashobora kwandika ivyiyumviro vyawe vy’amahoro kuri ako gapapuro uza urihanaguza ku munwa“. Araheza aramwenyura, araheza arakira ikaramu. Haheze umwanya araza ampereza ka gapapuro. Nsanga yanditse ngo: „ Amahoro ashobora gusigura ko nshobora kurya amafiriti kandi nkaronka ayakwiye, ko nshobora kuyarya ntafise ubwoba kandi nkaba nzi ko mfise aho mba hatunganye, aho nshobora gukora ubwanje amafiriti ata ngorane. Ariko rero ntiwumve gurtyo, amahoro asumba amafiriti. Amahoro ni co kintu gihambaye, niho nuzuye ubukengurutsi kubona mfise ayo mahoro!“ **Kora ikintu kiboneka!**

Kubwa go4peace Team

Meinolf Wacker